Пролетару дунеи псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм я Облсоветым, горкомым и органщ

№ 136 (2363) | Щэбэт, ноябрым и 25-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

Ленинградскэ фронтым и дзэхэр ебгъэрыкIуэхэри САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островыр бийм къыIэщIагъэкIыжащ.

АбыкIэрэ, немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр Эстонскэ Советскэ республикэм къанэ щымыIэу игъэкъэбзыкIыжа хъуащ.

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Советскэ Союзым и Маршал ГОВОРОВЫМ
Адмирал ТРИБУЦ

ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм БАЛТИЙСКЭ флотым и корабльхэр къыдэIэпыкъукIэрэ, зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIахэм къыхэкIкIэ, нобэ, ноябрым и 24-м, САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островыр бийм къыIэщIэгъакIыжыныгъэр яухащ, РИЖИСКЭ заливым и екIуэлIапIэхэр зэхуищIыжу, немецхэм щIэгъэкъуэн пункту яIар.

АбыкIэрэ, Советскэ Эстониям и щIыгур немецкэ зэрыпхъуакIуэхэм къанэ щымыIэу къыIэщIэгъэкIыжа хъуащ.

САРЕМА островыр къэщтэныгъэм щхьэкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къагъэлъэгъуахэщ генерал-лейтенант СТАРИКОВ, генерал-лейтенант АЛЬФЕРОВ, генерал-лейтенант ПЭРН и эстонскэ корпусым, генерал-майор ТРУШКИН, генерал-майор РОМАНЕНКО, генерал-майор РОМАНЦОВ, генерал-майор АЛЛИКАС, полковник ФЕЛЬДМАН сымэ я дзэхэм; контр-адмирал СВЯТОВ, контр-адмирал КУЛЕШОВ, контр-адмирал ЮРКОВСКИЙ, 1-рей рангым и капитан ГУСЬКОВ, 1-рей рангым и капитан ОЛЕЙНИК, 2-рей рангым и капитан ЛАЗО, 3-рей рангым и капитан МАКСИМЕНКО, 3-рей рангым и капитан СИРОТИНСКИЙ, 3-рей рангым и капитан РЕЗНИЧЕНКО, 3-рей рангым и капитан НОВОЖИЛОВ, полковник ЗУБОВ, майор ЛЕЙБОВИЧ сымэ я морякхэм; артиллериям и генерал-майор БРУССЕР, полковник БЕРЕЗУЦКИЙ, полковник АРУ, полковник КАРПАЧЕВ, полковник КАТУНИН, полковник ГОРОБЕЦ, полковник ПОТИФОРОВ, полковник БОЙЧУК сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор ЗАЗИМКО, подполковник КУСЛАН, подполковник БАРИЛОВ, подполковник ЧЕРНЫХ, полковник ЧЕСНОКОВ, майор ОЛЕЙНИКОВ, майор КНЯЗЕВ сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-полковник САМОХИН, авиациям и генерал-майор АНТОНОВ, полковник ГРЕСЬКОВ, полковник МАТВЕЕВ, подполковник МЕХАННИКОВ, полковник КОРЕШКОВ, подполковник СЛЕПЕНКОВ сымэ я летчикхэм; полковник АКАТОВ, подполковник АФАНАСЬЕВ, майор ЕРМИЛОВ, майор ШЕЛЕХОВ, подполковник ГУЛЬТЯЕВ, подполковник ГУЛЯНИЦКИЙ, подполковник СОЛОМАХИН сымэ я саперхэм; полковник МУЖЕВ и связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ САРЕМА островыр къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэм, частхэм, корабльхэм орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, ноябрым и 24-м, сыхьэт 21-м деж ди Родинэм и столицэ МОСКВА Родинэм и цIэкIэ салют яретыр остров САРЕМА къэзыщта Ленинградскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм, абыхэм генерал-лейтенант ПЭРН и эстонскэ корпусрикI, Балтийскэ флотым и морякхэрикI яхэтыжу,—топ щитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдагъауэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэревгъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщIэлъ дзэхэу, корабльхэу, САРЕМА островыр хуят къэщIыжыныгъэм уэм хэтахэм псоми ФIЫЩIЭ ЯХУЗОЩIЫР.

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хунтыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэухэурэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ
Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Ноябрым и 24-м 1944 г.

Нобэ къызэIуахыр гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и XIII-рей сессияр

Нобэ, ноябрым и 25-м къызэIуахыр гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и XIII-рей сессияр.

Зытепсэлъыхьынухэр:

1. Санитарнэ-эпидемическэ Iуэхум.
2. Iэщхэр щIымахуэм щIэшыныгъэм.
3. Оргвопросхэм.

Москва деж И. В. Сталинрэ В. М. Молотоврэ г-н И. Шубашич беседэ зэрыдащIамкIэ советскэ-югославскэ коммюнике

Югославиям и Премьер-Министр икIи Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Министр доктор И. Шубашич, абхуэдэ къабзу Югославияр хуит къэщIыжыныгъэмкIэ Национальнэ Комитетым и Председателым и Заместитель г-н Э. Кардель, Югославиям и лIыкIуэ г-н С. Симич, зы лъэныкъуэкIэ, СССР-м и Народнэ Камиссархэм я Советым и Председатель И. В. Сталин, СССР-м и Хамэ Къэрал IуэхухэмкIэ Народнэ Комиссар В. М. Молотов, адрей зы лъэныкъуэмкIэ, ноябрым и 20—23-м Москва деж зэдащIа беседэм щытепсэлъыхьахэщ Къэрал Зэгуэтхэм я кIуэцIкIэ Югославиям и щытыкIэнумкIэ нэхъ вопрос нэхъыщхьэхэм.

Абдежым игъуэу къыщалъэгъуащ, Югославияр хуит къэщIыжыныгъэмкIэ Национальнэ Комитетым и Председатель Маршал Броз-Титорэ Королевскэ Правительствэм и Председатель доктор Шубашичрэ зэраухулIа зэзэгъыныгъэм ипкъ иткIэ Югославскэ Правительствэ зэгуэт къызэгъэпэщын хуэйуэ.

Советскэ Правительствэр йохъуэхъур Маршал Титорэ Премьер Шубашичрэ зыщIэкъу мурадым, псоми яхузэхуэдэ бийм ебэныныгъэмкIэ демократическэ къару псорикI зэгуэгъыхьэныгъэмкIэ икIи демократическэ федеративнэ Югославия ухуэныгъэмкIэ, ар Европэм и кIуэцIкIэ текIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ къэлъэща хъунымкIэ къекIуу икIи конструктивнэ Iуэхуу зэрыщытым щхьэкIэ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Ноябрым и 23-м и оперативнэ сводкэ

Ноябрым и 23-р екIуэкIыхункIэ САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островым деж ди дзэхэм зауэ ирагъэкIуэкIащ бийм и дзэ островым и ипщэмкIэ къыщаухъуреихьахэр зэтыраукIэныгъэмкIэ икIи къащтахэщ лъэщу гъэбыда пунктхэу ТЬЮРЬЕ, ИДЕ, МЯЕБЕ.

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и корабльхэм ноябрым и 20-м зауэ ирагъэкIуэкIахэм къыхэкIкIэ, бийм и зы миноносец щIырагъэлъэфащ САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островым и ипщэ кIэухым деж. Флотым и авиациям Балтийскэ тенджызым деж щIырагъэлъэфащ бийм и транспорт и хьэлъагъыр тонн 4000 хъуэ.

Чехословакиям деж, ЧОП и ищхъэраIуэкIэ икIи и ищхъэрэ къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIахэщ, зауэ здырагъэкIуэкIахэм деж къащтащ город ЧЕПЕЛЬ абы хуэдэ къабзу къащтащ нэгъуэщI къуажэ 30-м щIигъу, абыхэм яшыщхэщ мы къуажэшхуэхэр СОБРАНЦЕ, БУНКОВЦЕ, ПАВЛОВЦЕ, КАПУШАНЫ, ЧИЧАРОВЦЕ, НАРАД, СУРТЫ, гъущIгъуэгу станцхэу БАТФА, ЧИЧАРОВЦЕ. Город икIи гъущIгъуэгу станц Чоп, зы Iэм икIмэ зы Iэм ихьэу щытащ, ауэ иджы аргуэру ди дзэхэм къащтэжащ. Чоп и ищхъэраIуэкIэ икIи и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ ирагъэкIуэкIа зауэхэм къыхэкIкIэ, ди дзэхэм плен къащIахэщ немецкэ, венгерскэ солдатми, офицерми 3000.

Венгриям деж ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэхэу икIи гъущIгъуэгу станцхэу ТОКАЙ, ТАРЦАЛ.

Венгриям и щIыгум деж ноябрым и 21-рэ и 22-рэ и кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIа зауэхэм деж плен къащIахэщ немецкэ, венгерскэ солдатхэу, офицерхэу 2550. Абы хуэду ноябрым и 8-м къыщыщIэдзауэ ноябрым и 22-м нэсыхункIэ Венгриям и щIыгум деж ди дзэхэм плен къыщащIахэщ немецкэ, венгерскэ солдатхэу, офицерхэу 14470.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Ноябрым и 22-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм зэтыракъутахэщ немецкэ танки 10. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 18.

Ноябрым и 24-м и оперативнэ сводкэ

ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и корабльхэм къыдаIыгъкIэрэ, зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIам къыхэкIкIэ, ноябрым и 24-м САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островыр бийм къыIэщIагъэкIыжыныгъэр яухащ, немецхэм щIэгъэкъуэн лъэщу ящIауэ щытар, РИЖСКЭ заливым и екIуэлIапIэхэр щIэзыхъумэм. АбыкIэрэ Советскэ ЭСТОНИЯМ и щIыгур немецкэ зэрыпхъуакIуэхэм къанэ щымыIэу къыIэщIагъэкIыжащ.

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и авиациям удын ирихащ бийм и корабльхэу САРЕМА (ЭЗЕЛЬ) островым и ипщэ кIэухым деж щыIэхэм, абы къыхэкIкIэ, щIырагъэлъэфахэщ бийм и зы миноносец, зы хъумакIуэ кхъухьрэ хъумакIуэ катеритIрэ; бомбэр занщIу тырагъахуэкIэрэ зы крейсер хьэлъэм зэраныгъэ ирахащ, абы нэмыщIу зэраныгъэ ирахащ хъумакIуэ корабли 2-м, зы десантнэ баржэм.

ЧЕХОСЛОВАКИЯМ деж, город ЧОП и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ, ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ заул, абыхэм яшыщхэщ УБРЕЖ, ФЕКИШОВЦЕ, РЕВИШТЕ, БЛАТНЕ, РЕМЕТИ, ТЕГЕНЯ, МОКЧА, КРИСОВ, ШАЛАМУНОВА, гъущIгъуэгу станцу ЧЕРНА.

Венгриям деж ди дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэхэмрэ и контратакэхэмрэ зэпащIкIэрэ, къащтащ къуажэхэу МЕЗЕ-ЗОМБОР, ЛЕДЬЕШ БЕНИЕ, МАЙОШ, ПУСТА, УЙВИЛАГ, СИМАРДИ, ПАЛОШВЕРЕШМАР, ДЬЕНДЬЕШОЛЬМАШ, БАГ.

Фронтым и адрей участкэхэм—разведчикхэр плъэкIуахэщ икIи щIыпIэ гуэрхэмикI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щекIуэкIащ.

Ноябрым и 23-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм зэтыракъутахэщ немецкэ танк 32. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 70.

Советскэ тылым и лэжьакIуэхэм я сакъыныгъэр нэхъри лъагэ щIын

Зауэ заманым деж сакъыныгъэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Краснэ Армиямрэ союзникхэм я дзэхэмрэ удын гуащIэр ирахыр немецкэ-фашистскэ зэрыпхъуакIуэхэм. Советскэ дзэхэм гитлеровскэ ордэхэр советскэ щIыгум ирагъэкъэбзыкIри, Восточнэ Пруссиям и щIым ихьахэщ, союзникхэм я дзэхэмикI Германиям и границэр зэпаупщIащ. Зауэр фашист хьэкIэкхъуэкIэм и гъуэм ехьэлIа хъуащ. Ауэ бийр иджырикI укIыпа хъуакъым. Гитлеровскэ хъунщIакIуэхэм я кIуадыжыгъуэр къызэрысыр абыхэм советскэ щIыгум щагъэхъа мыхъумыщIагъэ псорикI къыщапщыныжыну сыхьэтыр къызэрыгъуэгъуэр ящIауэ, лъэкI къамыгъанэу зырагъанэхэр. Абыхэм зауэм хадзэхэр къахуэнэжа къарухэр, дэтхэнэ зы зыфIэгъэнапIэмикI зыфIагъанэр.

„Мис абы щхьэкIэ,—жеIэр товарищ Сталин и приказ зи №16 февралым и 23-м 1944 гъэм къыдэкIам,—сыт хуэдизкIи ди ехъулIэныгъэхэр мы инамикI, дэ ипэкIэ хуэду бийм и къарум зэхэщIыкIауэ уасэ хуэтщIын хуейщ, сакъыу дыщытын хуейщ, щыкIыныгъэ пагэныгъэ, бэлэрыгъыныгъэ, Iэпэдэгъэлэлыныгъэ тхэлъын хуейкъым".

Советскэ цIыху гуэрхэм тэрэзу къагурыIуэкъым фронтым и линияр жыжъэ хъуащи немецкэ разведкэм советскэ тылым зэраныгъэ щызэрахьэным щхьэкIэ шпион къагъэкIуэн жэуэ. Абхуэду гугъэныгъэр тэрэзкъым икIи зэреныгъэщ. Бийм ипэкIэ хуэду ди тылым шпионхэмрэ диверсантхэмрэ къегъакIуэр. Абыхэм зыIэрагъыхьэну хуейхэщ щIэуэ ящIа военнэ техникэхэмкIэ, боеприпасхэмкIэ сведениехэр, абыхэм якъутэну, нафIэ кIэщIадзэну хожьэхэр оборонэ заводхэм я нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ пеххэм, электростанциятхэм, гъущIгъуэгу лъамыжхэм, нэгъуэщI объектхэмикI стратегическэ мыхьэнэ иIэу.

Иджы Краснэ Армиям наступление щыригъэкIуэкIым деж шпионхэр нэхъыбэ хъункIэ шынагъуэщ. 1942 гъэм бийм и агентхэр фронтым къыщхьэдидзыхын хуейт, абы щхьэкIэ сыт хуэдэ амалхэрикI зэрихьэу, парашюткIэ къыри дзыххэу. Иджы бийм и разведывательнэ органхэм я бзэгу зехьэхэр псынщIу ди тылым къагъэкIуэфынкIэ хъунущ, абыхэм отсутпать щащIкIэ къуажэхэм къыдэнэхэкIэрэ.

А агентхэр тхылъыпщкIэ зэгъэпэщахэщ, ди советскэ цIыхухэр сакъыу щымытхэмэ къырагъэпцIэнхэу икIи амал здагъуэтым деж гурыщхъуэ щIагъуэ хуамыщIу зэраныгъэхэр зэрахьэфу. Абы щхьэкIэ Краснэ Армиям бгъуэуэ наступление щыригъэкIуэкIым деж сакъыныгъэр нэхъ тIахъсэ щIын хуейкъым, нэхъ быдэ щIын хуейщ мыхъумэ, псом хуэмыдэжу бийм къыIэщIагъэкIыжа районхэм деж.

Советскэ Союзым и тылыр фронтым къыкIэрыпч хъунукъым. Тыл быдэр—бийм текIуэныгъэм и зы нэхъыщхьэщ. Советскэ тылыр—ар ди заводхэр, фабрикэхэр, гъущIпсы гъуэгухэр, научно-исследовательскэ учреждениехэр, колхозхэр, МТС-хэр совхозхэращ. Немецкэ-фашистскэ разведкэм дэгъуу ещIэр фIыуэ, зэкIэлъыкIуэу лажьэ тылым мыхьэнэуэ иIэр. Абыхэм къарууэ яIэ псорикI ирахьэлIэхэр ахэр ди предприятиехэм, учреждениехэм щIыхьа хъуныгъэм, ахэр зыхуей тхылъхэр къадыгъуным, лэжьыгъэм зэран хуэхъунхэм щхьэкIэ.

Зауэм ипэ щIэдзэм щыгъуэ товарищ Сталин дыкъыхуриджауэ щытащ советскэ нарохдыр заводхэр, электростанциехэр, телефон, телеграфхэр хъумэныгъэм. Товариш Сталин жиIауэ щытащ: „Дэ щысхь димыIэу дебэнын хуейщ лэжыгъэр зэIызыщIэхэм, шпионхэмрэ, диверсантхэмрэ зэтеукIэн хуейщ"...

Дэ ди къалэн нэхъыщхьэу щытыр—сыт хуэдэ дэкIыпIэрикI зэхуэтщIыныгъэращ, бийм и агентхэм кIуапIэ лъэпкъ ямыIэу. Порядкэ быдэ гъэувын хуейщ цех щэхухэм, научно-исследовательскэ учреждениехэм, лабораториехэм, завод складхэм, электростанцияхэм зи Iуэху щIэмылъ цIыхухэр щIыхьэ мыхъуу.

Предприятием къакIуэ псорикI здыкIэлъыплъхэм деж, бийм и агентыр щIыхьэфынукъым. Пропуск зыт бюрохэм, ди оборонэ предприятиехэм я хъумакIуэхэм якIэлъыплъ зэпыту щытын хуейщ.

Советскэ тылым и сакъыныгъэм къыхэкIкIэ шпион, диверсант мащIэкъым къэубыда хъуар.

Н. городым сторожым къилъэгъуащ почтэм игъунэгъуу зэкIуэцIыпха гуэрхэр иIыгъыу унащхьэм тету. Ар щIэпхъуэжыну хуейжьащ, арщхьэкIэ къаубыдащ. КъыщахъунщIэм щыгъуэ абы къыкъуахащ лэныстэ гъущIыч кIапсэхэр иризэпиупщIыну.

Оборонэ завод гуэр сакъыныгъэм къыхэкIкIэ диверсиям щыхъума хъуащ. Заводым дыхьа диверсантым, шэджэгъуашхэм деж, заводым и агрегат гуэрым щIилъхьащ псынщIу къызэхэнэ гуэр. А агрегатым епхат завод псомикI илэжьэныгъэр. Диверсияр зытеухуар нафIэ кIэщIидзэу заводыр игъэувыIэну арат.

Къэубыда диверсантыр кулакыу щыта гуэру къыщIэкIащ. Ар а заводым зэикI щылэжьакъым, ауэ ар абы дыхьэфащ зы рабочэ гуэрым къыфIидыгъуа пропускымкIэ. А пропускымкIэ ар а заводым и пщIантIэм дыхьащ икIи заводым нафIэ кIэщIидзэным мащIэщ иIэжар. Къызэтезыгъэнар рабочэхэм я сакъыныгъэращ.

Колхозхэт цIыхубз Камбалина, мэзым пхъэщхьэмыщхьэ къищыпу красноармеец формэкIэ хуэпауэ, Iэщэ дэлъу зы гуэрым IущIащ. Ар Камбалина епсалъэу хуейжьащ, партизану бийм и тылым къикIыжу жиIащ икIи колхозхэт цIыхубзым елъэIуащ игъэщхэну.

Камбалина абы жыриIащ къуажэм кIуэ жиIэри. Ауэ красноармеец формэкIэ хуэпам кIуэн идакъым хуабжьу езэшауэ жери икIи цIыхубзым елъэIуащ ар къуажэм кIуэуэ шхын къыхуихьыну.

ВоеннэслужещIэм и фэ теплъэкIэ ар ещхьытэкъым куэд къэзыкIуам икIи партизан псэукIэм. Камбалина абы гурыщхъуэ хуищIу хуейжьащ икIи ар къызэрелъэIуа, псорикI хуищIэн хуэду фэр къызтыригъауэри къуажэм къэкIуэжащ.

Къуажэм къыздэкIуэжам колхозхэт цIыхубзым а илъэгъуар офицер гуэрым жыриIащ. Куэд темыкIыу ар къаубыдащ икIи ар бийм и агенту къыщIэкIащ.

Псом хуэмыдэжу хуабжьу сакъын хуейщ хуит къащIыжа районхэм щылажьэхэр. Мыбдежхэм псынщIу лэжьапIэ щагъуэтыкIын хъунущ тхылъыпщI зэрагъэпэщахэмкIэ агентхэм. Бийм къыIэщIагъэкIыжа районхэм деж цIыхухэр лэжьапIэ къыщащтэм деж амал иIэкъым хуабжьу я тхылъхэм хэмыплъауэ.

Мыбхуэдэ Iуэхугъуэхэрикl къохъур бийм и агентым зы гуэрхэм я тхылъыр къыфIидыгъуу лэжьапIэ Iухьэу абы фIыуэ кIэлъымыплъыныгъэм къыхэкIкIэ. А агентхэм куэдрэ къыщагъэсэбэп щыIэщ инженернэ-техническэ лэжьакIуэхэм жамыIэн хуейхэр щыжаIэм деж, икIи зырикI хамыщIыкIыхэу зыхуей сведениехэр зыIэрагъыхьэхэу. Щхьэубатэхэр, жыIэн хуэмехэр жызыIэхэр шпионым дежкIэ зи нэхъ уасэшхуэ зимыIэ гъуэтыгъэщ.

Абхуэду оборонэ завод гуэрым и инженерым немецкэ разведкэм и агентым нэIуасэ зыхуищIащ абы и бэлырыгъыныгъэм къыхэкIкIэ. Шпионым заулрэ зыхуигъэзащ инженерым абы „консультация" къыритыну. Абы консультация ириткIэрэ инженерым жимыIэпхъэ шпионым жыриIащ. Зэ гуэрым абхуэду зэIущIауэ, шпионым инженерым жыриIащ нэхъ нахуэу „консультациям" иригъэдзIуну. Инженерым идакъым бийм и разведкэр зыхуей псор жыриIэну. Абхуэду абы щищIым шпионыр зэрыгузавэ щымыIэу жиIащ: „Уэ сэ къызжэпIагъэхэщ фи заводым къиутIыпщ продукциям зауэ мыхьэнэуэ иIэр. Ди япэкIэ сведения къыдэптыжыныр умыдэкIэрэ, уэ уи Iуэху нэхъ Iей уощIыр".

Инженерым къыгурыIуащ и Iуэхур зэрызэIыхьар. Абхуэду щыт пэтмикI и лIыгъэр мыкIуэду государственнэ безопасностым и органым кIуэри яжыриIащ къэхъуар икIи сэбэп хъуащ шпион иныр убыда хъунымкIэ.

Бэлэрыгъыныгъэр, мысакъыныгъэр советскэ цIыхухэм яхэлъын хуейкъым. Советскэ патриотхэм фронтым деж хуэду тылымикI шпионхэр къащIэн хуейщ. Сыт щыгъуикI, дэнэ дэжикI сакъыу щытын—аращ советскэ гражданхэм къалэну яIэр.

Юстициям и генерал подковник

Ульрих.

Зи родинэм епцIыжахэм я судыр щIэныгъэр

Ноябрым и 23-м Военнэ трибуналыр еупщIахэщ зи родинэм епцIыжа Пушкарев, Зеленский, Галоева сымэ щыхьэту ятеувэхэм.

Щыхьэтхэм къагъэлъагъуэхэр Пушкарев хьэкIэкхъуэкIагъэу зэрихьа псохэр. Абы нубэрэжьу лъэкI къимыгъэну советскэ цIыху зэрищытар, гестапом щIэсхэр яубыдахэу хьэзабхэр зэмылIэужьыгъуэ яригъэшэчу зэрыщытар, цIыхухэр, сабийхэр, лIыжьхэр, фызыжьхэр душегубкэмкIэ зэритхьэлар, ныкъуэукI хъуа цIыхухэр зэрыщIитIахэр.

Щыхьэтхэр зым зыр нужь иту Военнэ трибуналым и пащхьэм ихьэхэкIэрэ, нахуэу къыжаIэжхэр Пушкарев игъэхъа псорикI.

Абхуэду къыщIагъэщхэр Зеленскэрэ Галоевэрэ ягъэхъа псорикI. А тIур дыIэпыкъуэгъу зэрыхуэхъуахэр Пушкарев и цIэпIагъэр щIэхъума хъуныгъэмкIэ.

Военнэ трибуналыр ягъэкъуаншэхэмрэ щыхьэтхэмрэ яупщIын иухащ. Абы иужькIэ къекIуэлIахэм псалъэ иратыр. Гум хыхьэу, Пушкарев и хьэкIэкхъуэкIагъэ псорик нахуэ нэхърикI къищIу, къэпсэлъащ государственнэ обвинитель юстициям и советник тов. Просин.

— Абхуэдэущ къэуб[…]рыхъунур адрей пре[…] хэрикI, советскэ […] къебий псорикI,—жеI[…] зырикI IэщIэкIынкъы[…]скэ судым. Абхуэду […] лъыжынщ Гитлер и […] рикI.

Государственнэ об[…]лым жеIэр Пушкарев […] хъыщхьэ щымыIэж х[…] IуагъэщIэну—яукIыну, курорым и псалъэм […] къекIуэлIа псорикI […] гъуэшхуэкIэ пыкъокI[…]

Государственнэ об[…]лым и псалъэм нужьк[…]лъэ иратыр ягъэкъуа[…] родинэм епцIыжа Пу[…] Ар щIолъэIур ямыукI[…]гъэнэну, къуэншагъэу хьахэр фронтым яг[…] зэригъэзэхуэжыну.

— КIасэ хъуащ! — залым щIэсхэм.

Пщыхьэщхьэм сы[…]лым деж приговорым жэжащ. Пушкарев у[…]ралъхащ, Зеленскэрэ […]вэрэ илъэс пщIырыпщ[…] сэу яхьыну.

Приговорым Iэгуэу[…]кIэ пыкъуэкIахэщ ки[…]рым и залым зэрыщIэ[…] хуэу къекIуэлIа щIыху[…]

Западнэ Европэм щекIуэкI зауэр

ЛОНДОН, ноябрым и 23-м. (ТАСС). Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэр:

Венло (Голландия) секторым деж союзникхэм наступление ирагъэкIуэкIхэр. Союзнэ частхэм къащтащ Массбрее икIи Венло зэрыпэжыжьэжхэр мили 4 нэхърэ нэхъ мащIэщ. Рурманд и къ хьэпIэ лъэныкъуэмкIэ союзникхэм я дзэхэр Масс псым бгъэдыхьахэщ городыр плъагъууэ.

Гейленкирхен (Германия) секторым деж союзникхэм я дзэхэу, Роер псым бгъэдэтурэ ипэкIэ кIуатэхэм, Гафен къащтащ.

Эшвейлер (Германия) районым и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Лон щIыпIэм деж зауэ щокIуэкIыр. Дюрвиссрэ Эшвейлеррэ бийм къыIэщIагъэкъэбзыкIыжащ.

Тионвиль (Франция) и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ союзникхэм я бронетанковэ частхэр ищхъэрэмкIэ мэкIуатэхэр Оунсдорф район германскэ щIыгум деж.

Мец къанэ щымыIэу бийм къыIэщIагъэкIыжащ, ауэ иджырикI зигъэнэныгъэ къэщIыр. Фалькенберг и ищхъэрэ лъэныкIуэмкIэ союзникхэм я дзэхэр ипэкIэ щыкIуэтахэщ, ауэ Дьез и къуэкIыпIэ, я ищхъэрэкъуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ Рорбах, Ангвейлер, Биспинг (Лотарингия) союзникхэм Миттерсгейм (Лотарингия) и екIуэлIапIэм деж щыIэхэщ.

Союзникхэм я дзэхэр Нижнэ Эльзас и щIыпIэ зэхуэм ихьахэщ икIи Страсбург, Рейн зэрыпэжыжьэжхэр миль 20. Саверн къащтащ, хуэдэ къабзу а сектор[…] щIыпIэ нэгъуэщIхэмик[…]ит частхэр кIуэтахэщ. […]никхэр Сен-Дье дых[…] икIи Мерт псым и къуэ[…] лъэныкъуэмкIэ хуабж[…] кIуэтахэщ.

Бельфорскэ коридор[…] районым деж бийм и […]кэ гуащIэхэм зызэпыраг[…]захэщ. Бельфорым и […]бапIэр хуит къащIы[…] Абы хуэдэ къабзу […] хуит къащIыжащ.

Уэлбану зэрыщытым […]хэкIкIэ, авиацияр ху[…] игъэзэуакъым.

ЛОНДОН, ноябрым и […] (ТАСС). Средиземном[…] театрым зауэ щезыгъ[…] союзникхэм я вооруж[…] къарухэм я штабым […]гъэкIа хъыбархэм жаI[…]лиям деж Фаэнц и […]кIэ, 8-рей армиям и […] хуабжьу ипэкIэ кIу[…] 5-рей армиям и индийск[…]хэм къащтащ мыхь[…] зиIэ лъэгапIэ заул город[…]дильян и ищхъэраIуэкI[…]тым и адрей участкэ […]хэм я дзэхэм яIыгъ […]хэм зэхъуэкIыныгъэ […] къыщыхъуакъым.

Бомбардировщик соединение ин истреб[…]хэрикI ядэщIыгъужха[…]рым и 22-м теуахэщ […] районым и объектхэм, Германиям, Австриям, на Италиям щыIэ гъу[…]гу коммуникациянхэм.

ВУ 24174 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 55
Черкесскэ областым и государственнэ […]
Ответ. редактор М. САНИ…